Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение «Средняя общеобразовательная школа с. Донгарон» муниципального образования – Пригородный район Республики Северная Осетия - Алания

| «Рассмотрено» | «Согласовано» | «Утверждаю» |
| --- | --- | --- |
| Руководитель МО | Заместитель директора по УВР МБОУ СОШ с. Донгарон | Директор МБОУ СОШ с. Донгарон |
| ______ Кубулова З.И. | ______ Саухалова В.Р.. | ______ Хетагуров Э.А. |
| Протокол № 1 | «30» 08 2017 г. | Приказ № 60 |
| от «28» 08 2017г. | | от «7» 09 2017г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной литературе

## для 8 класса

## на 2017 – 2018 учебный год

с. Донгарон

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**по учебному курсу «Родная литература»**

**8 класс**

**Базовый уровень**

(68час)

## ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

8-æм къласы мадæлон литературæйы Кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Мадæлон æвзаг æмæ литературæйы программæты бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

**Программæйы нысан:**

- ✓ Мадæлон литературæ ахуыр кæныны нысантæ æмæ фæстиуджытæ фæхуыздæр кæнын;
- ✓ ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ астæуккаг скъолайы мадæлон литературæ ахуыр кæныны технологитæ ивд кæй цæуынц, уый хынцгæйæ мадæлон литературæйы уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын;
- ✓ астæуккаг скъолайы мадæлон литературæйы ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

**Программæйы мидис:**

Астæуккаг скъолайы ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадæлон литературæйы нормæтимæ, ахуыр сæ кæнынц хи ныхас литературон æвзагмæ гæсгæ аразыныл. Ацы уавæрмæ гæсгæ мадæлон литературæйы ахуыртæ дæр арæзт сты мадæлон литературон æвзаджы тыххæй скъоладзаутæн зонындзинæдтæ раттынмæ.

Фæлæ уыимæ, ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадæлон литературæйы равзæрдимæ, æвзаджы иуæгтимæ.

Программæ ахуырдзауты зонгæ кæны литературæйы ахæм æмбарынæдтимæ: Астæккаг кълæсты æрмæг лæвæрд цæуы куыдфæстæмæ вазыгджындæр кæнгæйæ.Æвзæрст æрцыдис,ахъаззаг идеон, аивадон æмæ хъомыладон ахадындзинад кæмæн ис,ахæм уацмыстæ.Сæ зынгæ хай фæлвæрд у практикæйæ-уыдон сты мадæлон классиктæ: Къоста,Секъа, Арсен, Елбыздыхъо, Плиты Грис, Беджызаты Чермен æмæ æндæрты уацмыстæ.Ацы программæйы ис æндæр адæмты дзырдаивады уацмыстæй дæр.Уыдон мадæлон скъоладзауты зонгæ кæнынц æппæтдунеон аивадон хæзнатимæ,æмхиц сæ кæнынц литературæ кæсынмæ.Æрмæг æмтгæй ахъаз уыдзæн ахуырдзауты дунеуынынад уæрæх кæнынæн: базондзысты адæмы цард æмæ историон цаутæ,адæмы æгъдæуттæ æмæ традицитæ,кад æмæ намысы хъуыддæгтæ.Программæйы бæрæггонд цæуыц,скъоладзаутæ найзусть цы тексттæ хъуамæ зоной,уыдон.

**8-æм къласы Мадæлон литературæйы Кусæн программæйы структурæ:**

8-æм къласы мадæлон литературæйы кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл. Программæйы хъусдард цыд, цæмæй йæ домæнтæ ахуыргæнджытæн уой æнцон баххæстгæнæн, цы æмбарынæдтæ дзы амынд цæуы, уыдон та скъоладзаутæн – æнцон бамбарæн.

Программæ нысан кæны,литературæйы теорийæ ахуырдзаутæ хъуамæ цы ног зонындзинæдтæ райсой,уыдон.

Ныхасы рæзтыл куыст фæпарахатдæр кæныны тыххæй литературæйы æмбарынæдтæ лæвæрд цæуынц ныхасы рæзтыл куыстытимæ æнгом бастæй, æвзаджы иуæгтæн ныхасы мидæг цы ахадындзинад ис, уый амонгæйæ.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдысты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр.

Программæйы стыр бынат ахсы рацыд æрмæг фæлхат кæныныл куыст.

Программæйы бæрæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

## Кусæн программæйы нысан æмæ хæстæ

**Программæйы сæйраг нысан:** ахуырадон предмет «Мадæлон литературæ» 8-æм къласы ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. 8-æм къласы Кусæн программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæныныл фæцалх кæнын. 8 –æм къласы скъоладзаутæ ахуыр кæнынц литературæйы хицæн уацмыстæ. Уыдон сты аив, мидисджын æмæ ,скъоладзау йæ кармæ гæсгæ кæй бамбардзæн,ахæмтæ.Ардæм хаст цæуынц хицæн уацмыстæ дунеон классикон литературæйæ. Мæнмæ гæсгæ, уыдон стыр ахъаз сты ФГОС –мæ гæсгæ, ахуырдзаутæн сæ зондахаст рæзын кæнынæн. Ацы кусæн программæ домы дарддæр дæр скъоладзауты кæсын æмæ дзурыныл ахуыр канын. Уацмыстæ авзаргæйæ æрмæг æнæмæнгæй баст цæуы дунеон æмæ уырыссаг литературæ.Ахуырдзаутæ хъуамæ æрмæст мадæлон литературæ ма ахуыр кæной, ма зонгæ кæной иннæ адæмты культурæ æмæ литературæимæ. Литературæ амонын баст цæуы аивады æндæр хуызтимæ(предметты хсæн бастдзинад;йæ нысан у скъоладзаутæм раст зондахаст æвзæрын кæнын,уыдонæн ахуырад æмæ куыст уарзын кæнын).Адæмы историон-хъайтарон традицитæ рæзгæ фæлтæрæн хицон кæнынц патриотизм æмæ гуманизмы æнкъарæнтæ æмæ идейæтæ.Ацы программæйы фæрцы аив литературæ уыдонæн хъуамæ суа сæ монон царды хай.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы ***коммуникативон*** компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), ***культурæамонынады*** *(культуроведческая)* компетенци рæзын кæнын.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – мадæлон литературæ мадæлон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; литературæйы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, мадæлон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Мадæлон литературæ»-йы сæйраг хæстæ сты:***

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, мадæлон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

**Предметы хицæндзинад:**

***Мадæлон литературæ*** у мадæлон адæмы уд æмæ зонд, мадæлон адæмы културæйы хæзнадон; мадæлон литературæ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон литературæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; мадæлон литературæйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы културæ æмæ царды уагимæ.

Литературæ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературæ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ мадæлон литературæйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

**Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:**

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

- 8-æм къласы цы æмбарынæдтимæ базонгæ сты, уыдоны раиртæстытæ; ныхасы æмбарынæдтæ, æгъдæуттæ; лæвæрд фарстæн дзуапп дæттын, дзуапп дæнцæгтæй фидар кæнын.

***8-æм къласонтæ ахуыры азы кæронмæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:***

- дзырды нысаниуæг бацамонын, ныхасы мидæг дзы раст пайда кæнын; мадæлон æвзаджы орфографион æмæ æмбарынгæнæн дзырдуæттæй пайда кæнын;
- литературон æвзаджы нормæтæм хъус дарын.

**Ныхасы рæзтыл куыстытæй**. Тексты темæ, сæйраг хъуыды æмæ стиль сбæрæг кæнын. Таурæгъон тексты мидис текстмæ хæстæг кæнæ æлвæстæй радзурын. Лæвæрд текстæн кæнæ хи арæзт текстæн пълан бацæттæ кæнын. Лæвæрд темæмæ гæсгæ таурæгъон сочинени фыссын, хи цардæй ист цау радзурын; бацæттæ кæнын предметы æрфыст, цæрæгойы æрфыст йæ миниуджытæм гæсгæ, нывы æрфыст.

Хи тексты хъæндзинæдтæ ссарын, сраст ын кæнын йæ ныхасы рæдыдтытæ (цы æрмæг рацыдысты, уымæ гæсгæ).

**Хи зонындзинæдтæй пайда кæнын**

- сочинени фысгæйæ;
- диалог æмæ монолог аразгæйæ;

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:**

**Ныхас кæнынимæ баст архæйдтытæ:**

**Хъусын:**

тексты хъуыды раст æмбарын,

сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон тексты информаци иртасын,

тексты сæйраг хъуыды, йæ аразæг хæйттæ иртасын.

**Кæсын:**

- раст æмæ аив кæсын;
- тексты ссарын сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци;
- текст хæйттыл адих кæнын, хæйттæм гæсгæ текстæн пълан бацæттæ кæнын;
- бакаст текстмæ гæсгæ лæвæрд фæрстытæн дзуапп дæттын;
- текст кæсгæйæ дзы хъæугæ информаци ссарын;
- тексты æмæ парагрæфы сæргондмæ базонын, ныхас дзы цæуыл цæудзæн, уый;
- дзырдуаты хъæугæ æрмæг ссарны;
- логикон цавд раст æвæрын, паудзæтæ раст кæнын;
- текст раст хъæлæсы уагæй кæсын.

# ТЕМАТИКОН ПЪЛАН МАДÆЛОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ 8-ÆМ КЪЛАСÆН.

Программæмæ гæсгæ – 70 сах.

Уацмыстæ ахуыр кæнынæн – 44

Ныхасы рæзтæн – 8

Фæсурокты кæсынæн – 12

Фæлхат кæнынæн – 5

НЫХАСЫ РÆЗТ

ДЗУРГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ

Хъæрæй раст, тагъд æмæ аив каст кæнын. Аивадон уацмыс хи ныхæстæй дзурын анализы элемнттимæ.Дзургæ нывæфтыд, инсценировкæтæ цæттæ кæнын. Дзургæ сочинени уацмысмæ. Уацмысмæ фарстытæ дæтты. Хъайтарты проблемон характеристикæ. Радзырд фыссæджы цардвæндаджы тыххæй. Рецензи раттын бакаст уацмысмæ, спектакльмæ, радиотелеравдыстмæ. Сочинени радзырды хуызы фыссын, сæрмагонд сфæлдыстадон хæс раттын.

ФЫСГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ

Уацмысæй кæнæ скъуыддзагæй изложени фыссын. Рацыд уацмысæй сочинени фыссын. Фарстæн лæмбынæг фысгæ дзуапп раттын. Хуымæтæг æмæ вазыгджын пълан аразын уацмысмæ. Хи хъуыдытæ (рецензи) бакаст уацмысмæ, кинофильмæ, спектакльмæ. Сичинени хибар темæйæ.

| Сæргонд (хай) | Сах æттæ | Уро ктæ | Урочы темæ. | Лит-йы теори | Ныхасы рæзт | Фæлхат | Хибарæй каст | Ным æц (къæл индар он пъла н) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Разныхас. Адæмон сфæлдыстад. | 8 | 1 | Лит-рæ царды айдæн. «Нарты кадджытæ» - мадæлон адæмы эпос. | Аив лит-рæ. Фольклоры хуызтæ. | | Нарты кадджытæ. | Иу кадæг. | |
| | | 2 | «Нарты симд». | Уацмысы æвзаг. | Батрадзы фæлгонц. | Сюжет. | Нарты кадджытæ. | |
| | | 2 | «Ацæмæз æмæ Агуындæ - рæсугъд». | Сюжет композици. Æрфыст. | Кадæджы мидис. | Æмбисонд. | Нарты кадджытæ. | |
| | | 1 | «Мачъидон Алыксан». | Таурæгъ (историон.) | Хи ныхæстæй дзурын. | Аивадон фæлгонц. | Мадæлон таурæгътæ. | |
| | | 1 | «Хъуды абырджытæ». | Историон таурæгъ. | Арх-ты фæлгонцтæ. | | Мадæлон таурæгътæ. | |
| | | 1 | «Хуыцауы азар». | Бынæттон таурæгътæ. | Аив каст кæнын. | | | |
| Историон-хъайтары зарджытæ. | 2 | 1 | «Задæлески Нана». | | | | | |
| | | 1 | «Аслæмбеджы зарæг». «Исахъы зарæг». | | | | | |
| Фæсурокты каст. | 2 | 2 | Нарты кадджытæ. Мадæлон таурæгътæ. | | | | | |
| Фысгæ ныхасы рæзт. | 2 | 2 | Сочинени: «Мæ уарзон хъайтар Нарты кадджытæ». | | | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Хетæгкаты Къоста. | 6 | 1 | «Чи дæ?». | Поэмæ. Пейзаж. | Иунæджы фæлгонц. | «Мадæлон фæндыр». | Къостайы æмдзæвгæ. | |
| | | 1 | «Сагъæс», «Марды уæлхъус», «Азар». | Строфа, æмдз-йы бæрцбарæн. | Аив каст. Наизусть. | | «Мадæлон фæндыр». | |
| | | 1 | «Тæрхоны раз». | Поэмæ, монолог. | Аив каст. Эскийы хар-кæ. | | «Перед судом». | |
| | | 1 | «Кæуæг айнæг». | Царды æцæгдзинад æмæ æрымысæггаг лит. уац. | Хи ныхæстæй дзурын. | | «Плачущая скам». | |
| Фæсурокты каст. | 2 | 2 | Кадæг «Хетæг» | | Аланты хæст Мамайы æфсæдтимæ | | | |
| Фысгæ ныхасы рæзт. | 2 | 2 | Сочинени: «Хетæгкаты Къостайы поэзийы мотивтæ». | | | | | |
| Гæдиаты Секъа. | 4 | 2 | «Азау». | Эпикон, лирикон, драмон уац-тæ. | Аив каст. Хи ныхастæй дзурын. | Рацыд æрмæг Секъайы сфæлдыстад. | Секъайы радзырдтæ. | |
| | | 2 | «Айссæ». | | Мидис хи ныхæстæй дзурын. | | | |
| Брытъиаты Елбыздыхъо. | 4 | 1 | Елбыздыхъойы цардвæндаг. | Драмæ Историон трагеди. | Национ иудзинад. | | | |
| Фысгæ ныхасы рæзт. | | 3 | «Хазби». | Хазби - адæмон хъайтар. | | | | |
| Илас Æрнигон. | 2 | 1 | «Хæрзбон». | Ритм, рифмæ. | Аив каст. Наизусть. | Иласы лирикæ. | Иласы æмдз-тæ. | |
| | | 1 | «Фыд йæ фыртæн фæдзæхсы». | Паузæ. | Аив каст. | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Гаглойты Рутен. | 1 | 1 | Намыс. | Аллегори. | | | | |
| Аноним. | 1 | 1 | «Сærибар». | | | | | |
| Коцойты Арсен. | 3 | 1 | «Декрет». | Темæ, идейæ. | Леуаны хар-кæ. | Арсены радз-тæ. | Арсены карик-тæ. | |
| | | 1 | «Мырзæджы карьерæ». | Радзырд. | Дзургæ сочинени. | | | |
| | | 1 | «Æхцайы чырын». | Сатирæ, юмор. | | Мидхæсты цаутæ. | | |
| Гæдиаты Цомахъ. | 2 | 1 | «Фын». | Æрфыст. | Аив каст. | Цомахъы лирикæ. | «Ахæстоны фысттытæ». | |
| | | 1 | «Арв нæры». | Аллегори Анафорæ. | Наизусть. | | | |
| Малиты Георги | 2 | 1 | «Федог». | Лирикæ. | Радзырд фыссæджы биографи. | | | |
| | | 1 | «Федог». | Лирикæ. | Наизусть. Фыссæджы биографи. | | «Ирæф». | |
| Беджызаты Чермен. | 2 | 2 | «Æлбегаты Батай æмæ Барсæгаты чындз». | Таурæгъ. | Радзырд фыссæджы тыххæй. | | | |
| Фæсурокты каст. | 1 | 1 | Гæдиаты Цомахъ «Ахæстоны фыстытæ». Малиты Георгийы уырыссагау фыст æмдзæвгæтæ. | | | | | |
| Хъулаты Созырыхъо. | 3 | 2 | «Музейы». | Фæлгонц. | Арх-ты фæлгонцтæ. | | Созырыхъо. «Хохаджы хъæстытæ». | |
| | | 1 | «Хохаджы хъæстытæ». | | | | | |
| | | 1 | «Фыййауы катай». | Конфликт. | | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Дзесты Куыдзæг. | 1 | 1 | «Тегайы бæлас». | Уацау. Композици. | Мидис дзурын.Адæмы ахаст хæрзгæнæгмæ | | Куыдзæджы мысинæгтæ. «Мах дуг». | |
| Хозиты Яков. | 1 | 1 | «Терчы хъазт». | Абарст | Наизусть. | | Яковы æмдзæвгæтæ. | |
| Фысгæ ныхасы рæзт. | 2 | 2 | Изложени Малиты. Геуæргийы таурæгъмæ гæсгæ: «Гъонгæси фурт мæгур Мæхæмæт». | | | | | |
| Гулуты Андрей. | 1 | 1 | «Хъæбатыры мæлæт». | Ритм, рифмæ. | Аив каст. | Хæстон поэзи. | | |
| Плиты Грис. | 2 | 2 | «Авд цухъайы». | Балладæ. | Рольтæм гæсгæ каст. | Грисы лирикæ. | «Акъоппы». | |
| Епхиты Т. | 2 | 2 | | | | | | |
| Мыртазты Барис. | 1 | 1 | «Фыдæлты мæсгуытæ», «Æфцæгмæ». | | Аив каст. | Хæстон лирикæ. | | |
| Гæбулты Мелитон. | 1 | 1 | «Æнæмастæй цæр». | | Арх-ты фæлгонцтæ. | | | |
| Цæрукъаты Алыксандр. | 2 | 1 | «Цымæ мын цы дзуры». | | Наизусть. | | Цæрукъаты А. «Хæхты уарзт». | |
| | | 1 | «Цардæй мæлæты æхсæн». | | Хи ифхæстæй дзурын. | | | |
| Бестауты Гиуæрги. | 2 | 1 | «Стай зоопарчы». | Абарст. Меноним. | Аив каст. | | Нафи. «Урс-урсид мит». | |
| | | 1 | «Сатанайы куывд». | | Мидис дзурын. | | | |
| Фæсурокты каст. | 2 | 2 | Хъайтмазты А. «Фыййауы лæдзæг». | | | | | |
| Фысгæ ныхасы рæзт. | 2 | 2 | Сочинени: «Мæ уарзон литературон хъайтар». | | | | | |